



Gid **Paran yo**
pou **Sekirite**
Timoun yo

Safe Kids Worldwide® se yon òganizasyon san bi likratif ki la pou pwoteje timoun yo kont chòk moun ka evite. Nan peyi Etazini, chòk yo se prensipal koz lanmò kay timoun yo ak nan lemonnanyte. Chak minit ki pase, gen yon timoun ki

mouri akòz yon chòk li te kapab evite. Gid sa a genyen konsèy ki fyab epi ki itil espesyalis nan zafè sekirite bay pou ede fanmi yo redwi risk yo, evite chòk yo epi pwoteje timoun yo lè yo lakay, lè yo ap jwe ak lè yo ap deplase.






Sekirite nan Kay

Somèy San Danje pou Tibebe



Mete tibebe yo kouche sou do pou yo kabicha epi leswa jiskaske yo gen yon (1) lane.

Asire w tibebe yo dòmi sou yon sifas ki fèm epi ki plat nan pwòp bèso, krèch oswa pak pa yo.



Chwazi yon matla ki fèm ak yon dra ki byen ajiste pou bèso tibebe a.

Retire jwèt, lenn, zòrye, bòdi pwoteksyon ak lòt akseswa yo.



Mete tibebe a nan yon lenn oswa mete yon pijama ki konfòtab sou li.

Yon lenn ki lach kapab bloke respirasyon tibebe a oswa fè kò li twò cho pandan l ap dòmi.



Pataje chanm ou, men pa pataje kabann ou. Mete bèso, krèch oswa pak tibebe a nan chanm ou olye ou kite li dòmi nan menm kabann avèk ou.





Sekirite nan Dlo



Siveye timoun yo lè yo nan dlo oswa lè yo toupre dlo. Kenbe tibebe ak timoun piti yo nan yon distans kote men yon granmoun ka rive lè y ap benyen.

Asire w genyen tout bagay ou bezwen pou beny lan anvan w mete pitit ou a nan benwa a. Pran sèvyèt, rad, savon ak jwèt yo anvan w kòmanse benyen pitit ou a yon fason pou w pa oblije kite l poukont li.

Anvan w mete pitit ou a nan benwa a, verifie tanperati dlo a avèk ponyèt ou. Dlo a ta dwe tyèd lè w touche l, li pa ta dwe cho.

Vide benwa, bokit, resipyan ak pisin timoun yo tousuit apre w fin itilize yo. Konsève yo tèt anba pou yo pa pran dlo.

Fèmen kouvèti yo ak pòt yo. Kite kouvèti twalèt yo ak pòt saldeben yo epi sal kote w fè lesiv yo fèmen lè w p ap itilize yo.

Prevansyon Anpwazonnman

Konsève pwodui menaje yo kote timoun pa ka pran ak wè yo. Souvan, timoun piti yo kapab wè ak rive nan bagay ki sou kontwa ak anba evye yo fasil. Konsève pwodui netwayaj yo, sachè detèjan yo, dezenfektan pou men ak pwodui swen pèsònèl yo kote timoun yo pa kapab pran yo.

PWODUI NETWAYAJ



PWODUI SWEN PÈSONÈL

Konsève pwodui menaje yo nan bwat orijinal yo epi li etikèt ki sou yo a. Itilize epi konsève pwodui yo selon enstriksyon ki nan etikèt pwodui yo.



Anrejistre nimewo Èd pou Moun ki Pran nan Pwazon an sou telefòn ou epi mete l yon kote ki fasil pou moun wè nan kay la: 1-800-222-1222. Espesyalis nan sant kontwòl pwazon yo bay konsèy medikal ki gratis ak konfidansyèl 24 sou 24. Yo kapab reponn kesyon epi bay kout men lè gen ijans ki gen pou wè ak pwazon.

MEDIKAMAN AK VITAMIN



**KONSÈV SA YO ANLÈ
EPI KOTE YO PA KA
PRAN YO**



Mete tout medikaman yo kote timoun pa ka pran ak wè yo, menm medikaman w pran chak jou yo.

Timoun yo souvan mete men sou medikaman ak vitamin yo lè yo mete yo kote yo ka pran yo, tankou nan valiz, sou tabdenwi oswa sou kontwa.

**Pa bliye timoun yo kapab
toujou louvri anbalaj ki
difisil pou yo louvri yo.**
Kidonk, ranje medikaman
yo chak fwa ou fin itilize
yo, menm si w oblije
bay yon lòt dòz apre kèk
èdtan.


Itilize yon kalandriye pou w ka sonje ki lè pou w bay pitit ou a medikaman.
Lè se lòt moun k ap bay pitit ou a medikaman, ekri enstriksyon klè ki di ki medikaman pou yo bay, ki valè pou yo bay ak ki lè pou yo bay li.

[illegible]

**Ed pou Moun
n Pwazon
2-1222**


An illustration of various medical supplies in shades of blue and grey. It includes a large bottle with a pump dispenser, a smaller bottle with a cap, two small rectangular boxes, and a tube of ointment or cream lying horizontally.

Sekirite Lè Gen Ensandi



Enstale detektè lafimen epi teste yo chak mwa. Asire w genyen yon detektè lafimen k ap fonksyone nan chak etaj lakay ou, anndan chanm yo ak toupres espas kote moun dòmi yo.

Kreye yon plan evakyasyon ki gen de (2) soti pou chak chanm sizoka dife ta pran nan kay la. Chwazi yon kote pou fanmi w rankontre deyò ki san danje epi ki lwen lakay ou.



Pratike yon egzèsis evakyasyon omwen de (2) fwa pa ane, lajounen ak leswa. Bat pou tout moun gentan soti nan kay la nan mwens pase de (2) minit.

Si dife pran nan kay la, kouri kite li lapoula. Si genyen anpil lafimen, bese epi ranpe pou w soti byen vit. Rele 911 lè w fin rive nan distans kote ou pa an danje ankò.





Fason pou Evite Brili

Aprann timoun piti yo rete nan yon distans omwen twa (3) pye ak espas kote w ap fè manje a lè w kreye yon zòn ki entèdi pou timoun. Si w oblije siveye tibebe ak timoun piti yo pandan w ap fè manje, mete yo nan yon pak oswa chèz ki wo an deyò zòn ki entèdi pou timoun nan kote ou kapab wè yo.

Evite kenbe yon timoun pandan w ap fè manje, bwè bwason oswa manje manje ki cho. Mete bagay ki cho yo lwen arebò kontwa ak tab yo.


Aprann timoun ki pi gran yo fason pou yo fè manje san danje. Asire w yo pa kite kizin nan pandan y ap fè manje epi fè yo sonje pou yo itilize grapi fou oswa tòchon chodyè pou yo pote chodyè oswa kaswòl yo.

Voye je sou timoun yo lè yo bòkote chemine yo. Lè yon chemine ki mache ak gaz limen, vè ki devan an cho anpil epi li kapab pran plis pase inèditan pou l refwadi apre w fin etenn li. Enstale yon ekran oswa baryè sekirite pou w anpeche yo brile nan vè ki cho a.


Sekirite nan zafè Monoksid Kabòn



Enstale detektè monoksid kabòn (CO) epi teste yo chak mwa. Asire w genyen yon detektè monoksid kabòn k ap fonksyone nan chak etaj lakay ou, sitou toupres chanm yo ak espas kote moun dòmi yo.



Si ta gen yon ijans ki gen pou wè ak monoksid kabòn, kouri kite kay la san pèdi tan. Ale yon kote ki an sekirite deyò kote ou kapab respire lè ki fre anvan w rele vin pote w sekou.



Si w bezwen chofe veyikil ou a, mete l deyò. Li pa bon pou w kite motè veyikil ou a ap mache anndan garaj la, menm si pòt garaj la ouvè.

Sekirite Bòkote Pil Mont yo

Konsève ti aparèy elektwonik ki pran pil mont yo kote timoun pa ka pran yo. Sa gen ladan l ti telekòman yo, pòtkle yo, bouji san flanm yo, jwèt yo, kat ve oswa liv ki gen mizik yo. Konsève pil mont ki p ap sèvi yo kote timoun pa ka pran yo.

Si yon timoun vale yon pil mont, ale nan ijans lan avèk li san pèdi tan. Lè yon timoun vale yon pil mont, krache li deklannche yon kouran elektrik ki fè li gen yon brili chimik nan ezofaj li.

Pa kite timoun nan manje ni bwè anyen epi pa fè l vomi.



Anrejistre Liy Asistans Nasyonal pou Timoun ki Vale Pil la sou telefòn ou:

1-800-498-8666. Si w panse pitit ou a vale yon pil mont, rele liy asistans lan pou w jwenn konsèy gratis, espesyalis yo bay an sekre 24 sou 24.

Fason pou Evite So ak Ranvèsman Televizyon/Mèb



Voye je sou timoun yo lè yo touppe balkon ak fenèt yo. Twil nan fenèt yo pa ase solid pou sipòte pwa yon tibebe, kidonk enstale pwoteksyon oswa arèt fenèt pou evite tibebe a pran so. Konnen fason pou w louvri fenèt la sizoka ta gen ijans.

Fikse mèb ki bankal yo nan mi an. Itilize sipò oswa lanyè pou w byen mare mèb ki bankal oswa ki lou yo nan mi an pou yo pa baskile.



Byen tache televizyon yo. Monte televizyon ekran plat yo nan mi a epi mete gwo televizyon ki sanble ak bwat yo sou yon mèb ki ba epi ki estab.

Itilize pòt sekirite anwo ak anba eskalye yo. Li enstriksyon fabrikan an ak etikèt ki bay avètisman yo pou asire w genyen baryè ki apwopriye pou bezwen w yo.





Sekirite nan Jwèt

Sekirite nan Dlo



Siveye timoun yo lè yo nan dlo oswa lè yo toupre dlo. Kenbe timoun piti yo ak naje ki pa gen eksperyans yonan yon distans kote men yon granmoun ka rive. Asire w naje ki gen plis eksperyans yo toujou gen yon patnè ki avèk yo.



Enskri timoun yo nan kou natasyon. Chak timoun diferan, donk aprann timoun yo naje lè yo pare. Panse ak laj yo, devlopman yo epi chak ki lè yo toupre dlo.



Aprann timoun yo naje nan dlo lib pa menm ak naje nan pisin. Naje nan dlo lib pi difisil pase naje nan pisin akòz risk potansyèl tankou pa ka wè byen, dlo ki fon, sifas ki miwo miba, kouran fò ak ral yo.



Enstale kloti ozalantou pisin kay yo. Kloti yo ta dwe antoure tout kote nan pisin nan epi yo ta dwe omwen gen yon wotè kat (4) pye epi yon pòt ki ka fèmen epi take poukont li. Pa bliye vide pisin timoun yo apre yo fin itilize yo epi konsève yo tèt anba.



Konnen sa pou w fè nan yon sitiyasyon ijans. Aprann fè resisitasyon kè ak poumon (CPR) ak teknik debaz pou sove moun nan dlo – yo ka ede w sove lavi pitit ou a.



Jwe wòl yon Siveyan Dlo. Lè genyen plizyè granmoun ki prezan, chwazi youn ki pou responsab pou voye je sou timoun yo lè yo nan dlo a ak lè yo toupre l pandan 15 minit. Apre 15 minit, chwazi yon lòt granmoun ki pou jwe wòl Siveyan Dlo.





Teknik pou Siviv nan Dlo

Aprann timoun yo senk (5) teknik pou yo siviv nan dlo.

Asire w timoun yo konn naje epi yo devlope teknik sa yo:



1 Rantre oswa sote nan dlo a sou tèt li epi remonte sou sifas la.



2 Flote oswa mache nan dlo pandan yon minit.



3 Vire tou won epi jwenn yon mwayen pou soti nan dlo a.



4 Naje nan yon distans 25 yad ak soti a.



5 Soti nan dlo a san itilize nechèl la.

Jilè Sovtaj

Chwazi yon jilè sovtaf Gad Kot Ameriken apwouve ki apwopriye pou pwa pitit ou a ak aktivite l ap fè nan dlo a. Aprann timoun yo mete jilè sovtaf lè yo nan bato oswa lè y ap patisipe nan aktivite k ap fèt nan dlo. Naje ki pa gen eksperyans yo ak timoun ki pa konn naje yo ta dwe mete jilè sovtaf lè yo nan dlo oswa toupre dlo.

8 a 30 liv
Tibebe

30 a 50 liv
Timoun


50 a 90 liv
Jèn moun



Kenbe lanyè yo pou pèmèt ou rale yon timoun soti nan dlo a.

Kolye kou yo ede soutni tèt timoun nan plis.

Lanyè ki nan fant janm yo anpeche jilè sovtaf la glise monte.




Tout bouk ak lanyè yo ta dwe tache epi byen sere.

Espas ki San Danje pou Jwe

Kreye yon espas ki san danje pou timoun yo jwe. Lè moman jwe a rive, mete w nan wotè timoun ou an pou w ka wè chanm yo jan li wè yo a. Retire ti bagay yo epi mete yo kote timoun pa ka pran ak wè yo. Deplase kòd ak fil yo, san wete sila yo ki mare nan jalouzi fenèt yo, mete yo kote timoun piti w la pa kapab pran yo.





Sekirite Jwèt



Panse ak laj epi devlopman pitit ou a lè w ap achte yon jwèt. Li enstriksyon yo ak etikèt ki bay avètisman yo pou w asire w li apwopriye pou pitit ou a.



Separe jwèt yo selon laj epi konsève ti pyès yo ak pyès jwèt yo kote timoun piti pa ka pran yo. Jwèt ki fèt pou timoun ki pi gran yo ka reprezante yon danje pou ti frè/sè ki fouyapòt yo.



Rete okouran pou w konnen lè gen jwèt yo rantre. Ale sou www.safekids.org/recalls pou w jwenn plis enfòmasyon sou jwèt ak pwodui pou timoun yo rantre.

Sekirite Espò ki fèt sou Wou

Raple pitit ou yo pou yo mete yon kas ki byen ajiste lè y ap monte bisiklèt, esketbòd, eskoutè oswa paten ki gen wou aliyen.

Si w ap monte bisiklèt avèk pitit ou yo, pa bliye ba yo yon bon egzanp epi mete kas pa w tou.



Verifye ekipman yo. Asire w gwosè bisiklèt pitit ou a apwopriye pou li epi li gen bon fren, chèn ak reflektè anvan l monte l.

Aprann timoun ou yo kòd wout la. Asire w yo konnen siyal men ki apwopriye, yo konprann pano siyalizasyon yo epi yo woule nan menm sans ak sikilasyon an, pi lwen yo kapab sou men dwat.

Asire w yo wè pitit ou yo lè y ap monte bisiklèt.

Lè yo mete koulè ki vif, limyè, ak reflektè sou rad yo ak bisiklèt oswa eskoutè yo lè y ap monte bisiklèt lematen ak leswa, sa ap pèmèt yo wè yo.

Monte bisiklèt avèk pitit ou a. Rete ansanm avèk pitit ou yo jiskaske w sèten yo konnen kòd wout la epi yo pare pou yo woule poukont yo.





Sekirite sou Wout la

Sekirite Pasaje ki Timoun



Chwazi syèj machin ki apwopriye pou pitit ou a. Etikèt ki sou syèj machin pou timoun nan ap pèmèt ou konnen si se syèj ki apwopriye pou laj, pwa, wotè ak nivo devlopman pitit ou a.



Fè timoun yo chita fas dèyè jiskaske yo gen de (2) lane oswa plis anvan w mete yo chita fas devan. Mete tout timoun yo chita nan yon syèj ki gen lanyè epi apresya mete yo nan yon syèj ki ka wose jiskaske yo vin twò wo oswa twò gwo pou yo chak.



Asire w pitit ou yo aprann byen bonè pou yo mete senti sekirite yo nan chak trajè, chak machin, chak fwa. Tout timoun ki poko gen 13 lane ta dwe chita dèyè.



Suiv enstriksyon yo pou w ka itilize ak enstale syèj machin pitit ou a. Fè sa yo di sou etikèt syèj machin pou timoun nan epi pran san w pou li manyèl la. Ale sou safekids.org pou w jwenn yon kowalisyon Safe Kids pou ka jwenn plis èd oswa itilize Dènye Gid anliy nou an sou Syèj Machin pou Timoun (www.safekids.org/guide) pou w jwenn èd selon laj ak pwa pitit ou a.





Adolesan nan Machin

Bay yon bon egzanp epi aprann timoun yo fason pou yo kondi byen.

Montre pitit ou yo ou toujou mete senti sekirite w, mete telefòn ou yon kote epi respekte limit vitès yo. Pitit ou yo ap kondi menm jan ak ou.

Etabli règ pou sekirite fanmi an sou wout la lè w pa la pou w voye je.

Di pitit ou a konpòtman ou vle pou l genyen antanke pasaje epi antanke chofè.

Ankouraje adolesan w yo pou yo di sa yo panse lè yon chofè ap kondi mal. Aprann yo jere pwòp sekirite pa yo lè yo jwenn yon mwayen ki pa mete lavi yo an danje pou yo retounen lakay yo si chofè a sou, l ap fè vitès oswa l ap pran risk.



Sekirite nan Machin yo ak Ozalantou yo



Anvan w demare, fè wonn machin nan ki pakin pou w wè si pa gen timoun dèyè l oswa ozalantou l. Pa bliye timoun yo jwe tout kote, menm dèyè machin.

Pa janm kite pitit ou a nan yon machin poukont li, menm pou yon minit paske chalè anndan machin nan ka touye l. Machin yo kapab chofe rive nan nivo ki danjere byen rapid, menm jou solèy la pa twò cho yo, epi menm lè w desann yon vit sa p ap chanje anyen.

Kite pòt ak kòf machin yo fèmen ak kle epi mete pòtkle yo kote li pa ka pran. Menm timoun ki gen ant 2 ak 3 lane yo monte pafwa nan machin ak kòf ki gen pòt yo ouvè pou yo jwe, men yo pa toujou kapab soti.

Mete bagay ki pou fè w sonje lè w ap kondi avèk yon timoun ki chita dèyè yon fason pou w pa bliye si li la. Mete yon bagay tankou yon valiz oswa telefòn bò kote pitit ou a w ap bezwen lè w rive kote w prale a. Sa sitou enpòtan si abitud ou chanje.

Aji. Si w wè yon timoun poukont li nan yon machin, rele 911. Yon apèl kapab sove yon lavi.






Sekirite Pyeton



Aprann timoun yo gade agoch, adwat epi agoch ankò anvan yo travèse lari a. Raple yo pou yo kontinye fè atansyon jiskaske yo fin travèse san pwoblèm epi pou yo siveye tout fason diferan machin yo kapab kwaze chemen yo.

Asire w timoun yo gade chofè yo nan je anvan yo travèse lari

a. Aprann timoun yo jan li enpòtan pou yo asire yo chofè yo wè yo.



Raple timoun yo pou yo kite tèt yo anlè epi aparèy yo anba.

Asire w raple yo pou yo evite distraksyon lè y ap travay lari oswa ray tren yo.

Pwomennnen avèk pitit ou yo.

Asire w yo konnen fòk yo mache sou twotwa, chemen yo ak pasaj pyeton yo lè y ap pwomennnen.

Aprann yo travèse lari nan pasaj pyeton ki make yo oswa kafou yo epi respekte limyè sikilasyon yo.

Si pa gen twotwa, raple yo pou yo mache fas ak machin k ap vini nan lòt sans lan epi pou yo rete plis sou bò goch.



Asire w yo wè pitit ou yo lè y ap pwomennnen.

Lè yo mete rad ki gen koulè ki vif epi ki klè ak bagay ki kapab reflekte lè yo ap pwomennnen lematen ak leswa, sa ap pèmèt yo wè yo.

Enfòmasyon pou Pran Kontak lè gen ljan

Lapolis, Ponpye oswa Anbilans: **9-1-1**

Nimewo Èd pou Moun ki Pran nan Pwazon: **1-800-222-1222**

Doktè: _____

Manm Fanmi: _____

Manm Fanmi: _____

Zanmi/Vwazen: _____

Resous ki Itil

Safe Kids Worldwide

Pou w jwenn konsèy sou fason pou w pwoteje timoun yo epi pou w jwenn yon kowalisyon lokal ki toupre w, ale sou **www.SafeKids.org**.

Dènye Gid Safe Kids sou Syèj Machin pou Timoun

Ale sou **www.safekids.org/guide** pou w jwenn konsèy ak videyo sou fason pou w enstale syèj machin pou timoun ak syèj ki ka wose yo.

Suivi Lwa Safe Kids

Pou w jwenn lwa sou sekirite ak pwoteksyon timoun nan chak Eta, ale sou **www.SafeKids.org/state-law-tracker**.

Lakwa Wouj Amerikèn

Ale sou **www.RedCross.org** pou w enskri nan kou sou premye swen ak resisitasyon kè ak poumon (CPR).

Sekirite Medikaman San Preskripsyon yo

Ale sou **scholastic.com/OTCMedSafety** pou w jwenn resous sou fason pou anseye timoun ki pi gran yo sekirite medikaman.





SAFE
KIDS
WORLDWIDE®

Fè yon don kounye a sou www.SafeKids.org
pou w ede nou evite chòk ak sove lavi.